



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN EKIP ASISTANS KOMINOTÈ PRE EDE TI KOMINOTE YO, KOMINOTE RIRAL, AK KOMINOTE DEFAVORIZE YO JWENN AKSÈ AK FINANSMAN POU ENFRASTRIKTI DLO**

*Yo pwograme evènman sansibilizasyon nan rejyon devlopman ekonomik yo pou konekte kominote yo ak resous ki nesèsè yo ak finansman pou amelyorasyon enfrastrikti dlo yo*

*Ekip Asistans Kominotè ki disponib pou konsiltasyon sou plas ak Vityèl pou sipòte pwojè yo depi nan planifikasyon rive nan finisman.*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon inisyativ sansibilizasyon pwo-aktif pou ede ti kominote yo, kominote riral yo, ak kominote ki defavorize yo adrese bezwen enfrastrikti dlo yo. Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation) Eta New York te rasanble Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAS) pou konekte kominote yo ak ekspè ki ka ede yo antreprann pwojè enfrastrikti dlo enpòtan yo. Ekip sa yo pral bay konsiltasyon sou plas oswa konsiltasyon vityèl pou ede kominote yo atravè eta a relanse planifikasyon, soumèt aplikasyon pou finansman, epi wè pwojè yo a reyalize.

"Yo te neglije twòp sistèm dlo enpòtan nan yon eta dezagreman paske kominote yo pa gen anplwaye, resous, oswa ekspètiz pou antreprann pwojè enpòtan sa yo, men sa sispann jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan bidjè egzekitif ane sa a, administrasyon mwen an pral kontinye retire baryè ki anpeche kominote yo jwenn asistans finansye yo bezwen pou kapab jwenn dlo pwòp pou jenerasyon k ap vini yo."

Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation EFC) Eta New York la, yon sosyete benefis piblik ki bay kapital ak pri ki ba ak sibvansyon pou amelyorasyon enfrastrikti dlo, ap travay sere ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal ak Sante a pou deplwaye Ekip Asistans Kominotè pou fè sansibilizasyon sible pou ti kominote yo, kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo. Sa gen ladann fè patenarya ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a ak òganizasyon lokal yo pou òganize evènman enfòmasyon, idantifye kominote ki gen etablisman reglemante epi ki pa itilize EFC pou finansman depi plizyè ane, ak solite demann pou asistans dirèkteman nan minisipalite yo. Ekip yo pral bay asistans youn a

youn pou kominote yo ki planifye pou amelyore enfrastrikti dlo ki egziste deja yo ak pou kominote sa yo k ap travay pou kreye nouvo distri dlo ak egou.

## REZÈVE DAT LA: EVÈNMAN SANSIBILIZASYON YO

Evènman sansibilizasyon yo pwograme kounye a nan rejyon Mohawk Valley, North Country ak Southern Tier. Yo pral anonse lòt evènman sou [sitwèb EFC a](#), Kominote yo tou kapab [enskri pou resevwa imèl ki soti nan EFC](#).

- **Mohawk Valley:** Madi 28 fevriye, 1-3 p.m., Herkimer College, Robert McLaughlin College Center, 100 Reservoir Road, Herkimer, NY 13350. Enskri pou evènman Mohawk Valley pa imèl ak non, kominote ak enfòmasyon kontak nan [info@mvedd.org](mailto:info@mvedd.org) oswa enskri [atravè Zoom](#).
- **North Country:** Madi, 14 mas, 12:30-3 p.m., Biwo Konte Essex, nan Sal Konsèy Sipèvizè a, 7551 Court St., Elizabethtown, NY 12932. [Enskri sou entènèt pou evènman North Country a](#).
- **Southern Tier:** 6 avril, Southern Tier Central Regional Leadership Conference, Corning Community College, 1 Academic Drive, Corning NY 14830 [Enskri sou Entènèt pou evènman Southern Tier la](#).

## PROGRAMME YON REYINYON

Ekip Asistans Kominotè yo disponib sou demann pou rankontre ak ofisyèl minisipal yo an pèsòn oswa vityèlman. Minisipalite yo ka konekte ak EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT> pou pran yon konsiltasyon ak yon Ekip Asistans Kominotè.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Genyen finansman enpòtan ki disponib pou amelyorasyon enfrastrikti dlo epi EFC angaje l pou l bay kominote yo dola sa yo ak pwojè yo plis bezwen yo. Depi lontan EFC ap ede kominote yo jwenn finansman pou antreprann pwojè enfrastrikti dlo enpòtan yo. Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la baze sou tradisyon sa a. EFC fyè pou li dirije Ekip Asistans Kominotè yo ki pral ede asire ke pa gen okenn kominote ki rete dèyè paske yo pa gen kapasite pou avanse yon pwojè. Ekip devwe EFC yo anvi travay kòtakòt ak patnè eta ak lokal yo atravè eta a epi nou ankouraje nenpòt kominote ki bezwen sipò pou kontakte nou."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos, te deklare,** "Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la pral enpòtan pou ede tout kominote New York yo, kèlkeswa gwosè oswa kote yo, jwenn aksè ak kantite finansman rekò ki disponib pou amelyore ak konstwi enfrastrikti dlo yo. Kominote ki defavorize yo pote yon fado polisyon ki pa pwopòsyonèl epi mete yo ansanm ak ti vil nou yo ak vilaj nou yo ak ekspè Eta ki gen konesans nan navige pwosesis finansman an pral ede ogmante siksè nan atenn objektif dlo pwòp yo epi bati katye ki pi an sante epi k ap pwospere."

**Sekretè Deta nan New York, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Dlo pwòp ki potab se priyorite nimewo en pou kominote ki an sante, dirab ak fleksib nan tout Eta New York. Eta New York kontinye fè investisman pwo-aktif nan enfrastrikti dlo pwòp ki enpòtan anpil pou sante piblik, kalite lavi, revitalizasyon kominote a ak devlopman ekonomik. Inisyativ sansibilizasyon inovan sa a pral ede asire kominote ki pi piti yo, kominote riral ak defavorize New York yo gen menm aksè ak finansman enfrastrikti dlo esansyèl. Avèk inisyativ sa a, yo p ap kite okenn kominote dèyè, kèlkeswa gwosè oswa resous yo nan efò dirabilite kominotè New York la k ap mennen nan nasyon an."

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Envesti nan enfrastrikti dlo kominote nou yo pral ede asire tout Nouyòkè yo kontinye gen aksè ak dlo pwòp ki potab. Gouvènè Hochul rekonèt ke fè envestisman estratejik pou asire yon anviwonman pwòp epi pou bay pi bon kalite dlo potab posib ap pwoteje sante Nouyòkè yo. Ekip Asistans Kominotè sa yo pral travay avèk patnè nou yo nan nivo eta ak lokal pou asire yo jwenn asistans finansye ki nesesè pou amelyore sistèm dlo pa yo."

### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

New York kontinye ogmante investisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Dènyèman, nan ajanda Eta Leta 2024 li a, Gouvènè Hochul te angaje l pou l envesti 500 milyon dola anplis nan finansman dlo pwòp, sa ki mennen investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp la nan 5 milya dola depi 2017.

Anplis de sa a, avèk apwobasyon votè yo pou 4.2 milya dola [Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt](#) (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) la, gen plis nivo finansman istorik pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

###